



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE COTTAGES AT SAMPSON NAN REJYON FINGER LAKES LA YO OUVRI POU SEZON ETE A**

***Nouvo, Bon jan Kalite Lojman yo ap Disponib nan Pak Eta a apati 2 Out***

***Inisyativ Finger Lakes Forward ak NY Parks 2020 yo ap Sipòte Pak Eta yo ak Espas Tourisk Rejyonal yo***

***Ou ka wè Cottages at Sampson [Isit la](#)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse grand ouvèti nouvo bon jan kalite ti kabin ki sitiye nan Pak Eta Sampson nan Konte Seneca a yo. Avèk sipò ki soti nan Inisyativ Finger Lakes Forward la ak NY Parks 2020 an yo, Cottages at Sampson ap gen 10 nouvo ti kabin pou vakans ki sitiye dirèkteman sou bò rivaj Lak Seneca.

“Touris se yon motè ekonomik ki enpòtan anpil pou rejyon Finger Lakes la, epi nouvo etablisman sa yo pral bay vizitè yo plis opòtinite pou yo fè eksperyans tout sa rejyon sa gen pou l ofri yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje Nouyòkè yo tankou vizitè yo pou yo vin vizite Pak Eta Sampson lan pandan ete sa a, pou yo jwi de espas anplennè yo, epi aprann tout sa yo ka renmen ki genyen nan rejyon nò a pandan n ap kontinye fè vanse inisyativ Finger Lakes Forward la.”

Pwojè 2.9 milyon dola sa a gen ladan ti kabin ki gen karaktè modèn ristik ki gen youn ak de chanm a kouche ak yon ti kizin, sal deben, yon teras an bwa ki kouvri, epi mèb ak ekleraj konfòtab. Ti kabin yo chita sou yon pant ki bay sou Lak Seneca a, ki adjasan a santye Seneca Lake Wine Trail la, ki pase dirèkteman atravè Pak Eta Sampson lan.

Komisè Pak (State Parks) Eta Harvey te akeyi lidè kominote eta ak lidè lokal yo vandredi 14 Jiyè a pou yo selebre grand ouvèti Cottages at Sampson lan, epi Pak Eta yo pral òganize yon evènman pòt ouvèt 1e Out soti 3:30 è rive 6:30 è p.m. pou kominote a.

Cottages at Sampson pral disponib pou lwaye kòmanse a 9 è a.m., mèkredi 2 out. Li obligatwa pou fè rezèvasyon pou yon semèn antye jiska dat Jounen Travay la (Labor Day) epi moun ka fè rezèvasyon yo nan Biwo Pak Sampson lan oswa yo ka rele 315-585-6392. Ti kabin yo pral disponib soti Me rive Oktòb chak ane. Espas pou moun lwe lannwit yo disponib andeyò sezon ete a tou nan yon to ki trè ba, apati 150 dola.

“Ti kabin sa yo te sèvi kòm yon vrè wazi pou vakans pou moun vin bliye tout move

panse epi pou yo vin fè eksperyans espas anplennè rejyon Finger Lakes la nan tout majeste li”, **Rose Harvey, Komisyone Pak Leta yo te di.** “Mèsi Gouvènè Cuomo pou angajman w kontinye pran pou w transfòme pak eta nou yo, ouvri espas anplennè yo pou yo ka pi aksesib epi kreye opòtinite lwazi anpil jenerasyon pral selebre ak jwi”.

“Lak Seneca ak tout rejyon Finger Lakes la nèt gen renonme pou bèl peyizaj ak panorama bò rivaj dlo ak tèren an yo ki se koupe souf”, **Senatè Pamela Helming te deklare.** “Pak Eta Sampson la se yon destinasyon ki anndan rejyon an pou moun vin alafwa jwi de panorama mèveye yo ansanm ak gran istwa militè li a. Mwen kontan pou m aprann de nouvo ti kabin sa yo y ap ajoute nan Pak Eta Sampson lan. Ti kabin sa yo ap ajoute yo pral founi yon lòt espas pou rezidan ansanm ak vizitè yo ka vin fè eksperyans rejyon Finger Lakes la okonplè nan yon kote yo ka jwenn lojman pou yo domi. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Pak Eta New York yo paske yo ap pèmèt Pak Eta Sampson lan gen opòtinite sa a epi paske yo te founi finansman ki nesèsè pou fè l vin yon reyalite”.

**Depite Palmesano te di,** “Sa se yon investisman k ap pote anpil kontantman pou Konte Seneca ak tout Rejyon Finger Lakes la nèt. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ak Komisè Harvey pou angajman yo kontinye pran anvè revitalizasyon pak eta nou yo. Nou ap pwofite de posibilite nou genyen pou nou viv nan youn nan pi bèl kote nan mond lan, epi nou ap fè l vin pi atiran toujou ak pi pratik pou moun vizite l. Ti kabin abòdab, sou rivaj lak la yo pral yon atou enpòtan pou endistri touris k ap devlope a epi k ap alimante ekonomi rejyon Finger Lakes la”.

“Ti kabin nan Pak Eta Sampson yo se yon atou fenomenal pou Rejyon Finger Lakes la ak pou endistri touris la”, **Prezidan Chanm Komès Konte Seneca a (Seneca County Chamber of Commerce), Jeff Shipley, te di.** “Soti nan cham ristik li a rive nan peyizaj panoramik yo, lojman ki sou rivaj lak la yo ap ofri yon fason inik ak pratik pou moun vin jwi de tout sa zòn lan gen pou l ofri yo. Nou apresye gran investisman sa a k ap fèt nan kominote nou an epi nou ap atann pou nou akeyi menm plis vizitè ankò pou vini nan Pòtay rejyon Finger Lakes la pandan sezon sa a”.

Inisyativ Finger Lakes Forward la ak NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo an yo te finanse pwojè 2.9 milyon dola sa a. [Pwogram NY Parks 2020](#) an se yon angajman yo pran pandan plizyè ane pou rantabilize 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo soti 2011 rive 2020. Bidjè Eta 2017-18 lan gen ladan 120 milyon dola pou inisyativ sa a.

Pak Eta Sampson la kouvri yon ti jan plis pase 809 ekta tè sou zòn lès rivaj Lak Seneca, li gen ladan aktivite kan ak plezans kòm aktivite prensipal yo. Pak la gen 309 sit kan ototal ki gen 245 sit elektrik ak 64 sit ki pa elektrik. Pò pou ti bato yo gen espas pou plis pase 100 bato ankre epi gen yon sit laj a plizyè lansman pou bato yo. Aktivite yo gen ladan tenis, lansman fè a cheval, baskètbòl ak volebòl, yon plaj ki gen sab, lakou rekreyasyon, ak yon santye panoramik sou bò lak la.

### **Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou

plan an – lè li te investi nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, epi pwodiksyon an pwogrese. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418